

Sondaj pou paran yo pou ane 2008

Nou vle konnen sa OU panse osijè lekòl pitit ou a. Ou ka bay lekòl pitit ou a anpil enfòmasyon sou jan li ka amelyore edikasyon pitit ou a, lè w ranpli fèy sondaj sa a. N ap fè rapò sou rezilta sondaj sa a, ansanm avèk rezilta sondaj lòt paran, pwofesè, ak elèv klas 6yèm jiska klas 12yèm ane, epi yo pral konte rezilta sa a nan Rapò sou pwogrè lekòl la *School Progress Report* pou otòn k ap vini an.

Sondaj sa a konfidansyèl. Okenn moun nan lekòl pitit ou a pa p janm wè repons ou bay yo. N ap mete repons ou bay yo ansanm ak repons lòt paran timoun nan lekòl pitit ou a pou founi lekòl la enfòmasyon ak pou ede l amelyore anviwònman aprantisaj li. Ou gen dwa pa ranpli sondaj sa a si w vle, men nou espere w ap reponn otan kesyon ou kapab.

Tanpri konsidere chak kesyon nan sondaj la pou lekòl pitit ou a. Si lekòl pitit ou a gen ladan l ti kominote aprantisaj *Small Learning Communities* oswa ti enstitisyon panse osijè eksperyans ou nan kominote sa a tou ansanm ak nan lekòl la anjeneral.

Ou ka patisipe nan sondaj sa a sou Entènèt nan schools.nyc.gov/surveys. Klike sou *Parent Survey* epi swiv eksplikasyon yo pou ka *log in* lè w itilize kòd ki parèt ekzakteman anlè *barcode* ki nan tèt paj sa a. Si w prefere sèvi ak fòm sa a, tanpri voye sondaj ou fin ranpli a tounen nan dat 18 avril 2008 pou pi ta. Itilize anvlòp ki deja gen adrès ak tout tenb sou li yo voye nan pake sondaj la oswa poste l nan: NYCDOE SURVEYS, PO Box 207915 San Antonio, TX 78220.

Si w vle gen plis enfòmasyon, ale sou sit wèb schools.nyc.gov/surveys. Si w vle poze kesyon, oswa si w vle mande sondaj sa a nan yon lòt lang, telefone 311.

Tanpri ranpli ti boul yo ak plim oswa kreyon konsa : ● . Pa ranpli yo konsa : ✗ ○ ⊙ ⊕

1. Nan ki klas pitit ou a ye nan lekòl sa a?

- Si w gen yon pitit nan plizyè lekòl leta vil nouyòk ... Tanpri ranpli **yon fèy sondaj apa pou chak lekòl**.
- Si w gen plizyè pitit nan menm lekòl la ... Tanpri ranpli **sèlman yon sèl fèy sondaj osijè pi gran pitit ou a**.

- Prematènèl ○ Jadendanfan ○ 1^{ye} ane ○ 2^{yèm} ane ○ 3^{yèm} ane ○ 4^{yèm} ane ○ 5^{yèm} ane
- 6^{yèm} ane ○ 7^{yèm} ane ○ 8^{yèm} ane ○ 9^{yèm} ane ○ 10^{yèm} ane ○ 11^{yèm} ane ○ 12^{yèm} ane

2. Nan ki pwen ou dakò oswa pa dakò avèk deklarasyon sa yo osijè lekòl pitit ou a?

	Mwen dakò nèt	Mwen dakò	Mwen pa dakò	Mwen pa dakò ditou	Kesyon sa a pa konsène m
a. Mwen santi moun nan lekòl pitit mwen an byen akeyi m.	○	○	○	○	○
b. Mwen satisfè ak repons mwen jwenn lè m kontakte lekòl pitit mwen an pou m poze kesyon oswa lè m gen enkyetid.	○	○	○	○	○
c. Lekòl pitit mwen an òganize reyinyon yo lè mwen kapab ale paske yo fè yo nan diferan lè lajounen an, yo bay entèprèt oswa nan lòt fason.	○	○	○	○	○
d. Lekòl la mete m okouran pwogrè akademik pitit mwen an ap fè lekòl.	○	○	○	○	○
e. Lekòl la kontakte mwen lè pitit mwen an pa respekte règleman lekòl la.	○	○	○	○	○
f. Lekòl la kontakte mwen pou enfòm m osijè akonplisman ak siksè pitit mwen an.	○	○	○	○	○
g. Pitit mwen an fè yon adilt nan lekòl la konfyans, e li kapab al jwenn li pou ede l lè l gen yon pwoblèm nan lekòl la.	○	○	○	○	○

Sondaj Pou Paran Pou Ane 2008

3. Pandan ane akademik sa a, konbyen fwa :	Plis pase yon fwa pa mwa	Apreprè yon fwa pa mwa	Yon fwa anpasan kèk mwa	Yon fwa oswa de fwa pandan ane lekòl sa a	Jamè
a. Yo voye enfòmasyon ba w pou fè w konnen sa pitit ou a ap etidye nan lekòl la?	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
b. Yo voye enfòmasyon ba w sou sèvis ki genyen pou pitit ou a oswa pou ou, tankou leson patikilye, pwogram apre lekòl, oswa sesyon enfòmasyon ou ka patisipe pou ede pitit ou a?	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
c. Yo envite w nan sesyon enfòmasyon, nan pwogram, nan pèfòmans oswa nan lòt aktivite nan lekòl pitit ou a?	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
d. Ou te pale ak yon pwofesè oswa yon lòt adilt nan lekòl pitit ou a pou pataje ak yo enfòmasyon enpòtan sou aprantisaj pitit ou a?	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

4. Ki PI BON mwayen lekòl pitit ou a ka voye enfòmasyon ba w osijè edikasyon pitit ou a? (Make otan mwayen posib.)

- | | | |
|---|--|--|
| <input type="radio"/> Pa lapòs | <input type="radio"/> Imèl | <input type="radio"/> Nan reyinyon PA oswa PTA oswa lòt reyinyon |
| <input type="radio"/> Dokiman lekòl la bay pitit ou a pou li remèt ou | <input type="radio"/> Sit wèb lekòl la | <input type="radio"/> Tablo kote lekòl la afiche enfòmasyon |
| <input type="radio"/> Telefòn | <input type="radio"/> Koòdonatè paran | <input type="radio"/> Konsèy Edikasyon pou kominote ak vil la |
| <input type="radio"/> Reyinyon pwofesè ak paran | <input type="radio"/> Lòt paran | <input type="radio"/> Lòt òganizasyon nan kominote w la |

5. Nan ki pwen ou dakò oswa pa dakò avèk deklarasyon sa yo osijè lekòl oswa pwofesè pitit ou a?

	Mwen dakò nèt	Mwen dakò	Mwen pa dakò	Mwen pa dakò ditou	Mwen pa konnen
a. Lekòl la atann li aske pitit mwen an bay bon ranman.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
b. Lekòl la fè pitit mwen an ak mwen konnen aklè sa l ap atann pou pitit mwen an aprann.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
c. Pwofesè pitit mwen an fè kòmantè itil sou devwadmezon, travay nan klas ak egzamen li yo.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
d. Pitit mwen an ap aprann sa li bezwen konnen pou li reyisi nan pi gwo klas, oswa lè li fin diplome nan lekòl segondè.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
e. Reponn kesyon sa a sèlman si w se paran yon elèv ki nan lekòl segondè : Ane sa a, anplwaye lekòl segondè pitit mwen an ede l chwazi kou li bezwen pou l diplome ak pou li gen siksè lè l fin diplome.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>

6. Pitit mwen an ap patisipe nan aktivite sa yo pandan jounen lekòl regilye. (Tanpri make tout aktivite li patisipe yo.)

- | | | | | |
|---|-----------------------------|---------------------------------------|---|--------------------------------------|
| <input type="radio"/> Art | <input type="radio"/> Mizik | <input type="radio"/> Dans | <input type="radio"/> Teyat | <input type="radio"/> Lang etranje |
| <input type="radio"/> Konpitè/teknoloji | <input type="radio"/> Sante | <input type="radio"/> Edikasyon fizik | <input type="radio"/> Okenn nan kou sa yo | <input type="radio"/> Mwen pa konnen |

7. Pitit mwen an patisipe nan aktivite sa yo anvan oswa apre lekòl. (Tanpri make tout aktivite li patisipe yo.)

- | | | | | |
|---|--|--|--|--------------------------------------|
| <input type="radio"/> Art | <input type="radio"/> Mizik | <input type="radio"/> Dans | <input type="radio"/> Teyat | <input type="radio"/> Lang etranje |
| <input type="radio"/> Aprann itilize computer/teknoloji | <input type="radio"/> Espò an ekip ak klib | <input type="radio"/> Leson patikilye/aktivite pou ogmante konesans elèv | <input type="radio"/> Okenn nan aktivite sa yo | <input type="radio"/> Mwen pa konnen |

Sondaj Pou Paran Pou Ane 2008

8. Nan ki pwen ou dakò oswa pa dakò avèk deklarasyon sa a?	Mwen dakò nèt	Mwen dakò	Mwen pa dakò	Mwen pa dakò ditou	Mwen pa konnen
Lekòl pitit mwen an ofri yon varyete kou ak kantite aktivite sifizan pou fè li entere rete lekòl.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
9. Nan ki pwen ou dakò oswa pa dakò avèk deklarasyon sa yo osijè lekòl pitit ou a?	Mwen dakò nèt	Mwen dakò	Mwen pa dakò	Mwen pa dakò ditou	Mwen pa konnen
a. Pitit mwen an sennesòf nan lekòl la.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
b. Lekòl pitit mwen an pwòp.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
c. Yo aplike disiplin san patipri nan lekòl pitit mwen an.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
10. Nan ki pwen ou dakò oswa pa dakò avèk deklarasyon sa a?	Mwen dakò nèt	Mwen dakò	Mwen pa dakò	Mwen pa dakò ditou	
Reponn kesyon sa a sèlman si lekòl pitit ou a gen ajan sekirite. Prezans ak travay ajan sekirite yo ede kenbe yon anviwònman aprantisaj sennesof ki gen respè.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
11. Konbyen fwa ou panse pwoblèm sa yo rive nan lekòl pitit ou a?	Pa janm rive	Rive tanzantan	Ase souvan	Trè souvan	Mwen pa konnen
a. Elèv yo menase oswa entimide lòt elèv.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
b. Manm pèsònèl lekòl la derespekte elèv yo.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
c. Manm pèsònèl lekòl la fè diskriminasyon dapre ras oswa kilti.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
d. Gen konfli ki baze sou ras, kilti, relijyon, preferans seksyèl, sèks (si elèv se fi oswa gason), oubyen andikap nan lekòl la.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
e. Elèv yo itilize alkòl oswa dwòg ilegal pandan lekòl la ap fonksyone.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
f. Gen aktivite gang nan lekòl pitit mwen an.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
12. Kiyès nan amelyorasyon sa yo ou ta pi renmen lekòl pitit ou a fè? (Chwazi YONN nan amelyorasyon sa yo)					
<input type="radio"/> Pou direksyon lekòl la pi efikas	<input type="radio"/> Pou fè elèv fè plis pratik lè y ap aprann	<input type="radio"/> Plis oswa pibon pwogram <i>enrichment</i>	<input type="radio"/> Plis oswa pi bon pwogram <i>arts</i>	<input type="radio"/> Kou ki egzije elèv fè plis efò pou aprann	
<input type="radio"/> Pou lekòl la kominike pi byen ak paran yo	<input type="radio"/> Plis estaj fòmasyon pou pwofesè yo	<input type="radio"/> Klas ki gen mwens elèv	<input type="radio"/> Plis prepare elèv yo pou egzamen Leta yo	<input type="radio"/> Mwens prepare elèv yo pou pran egzamen Leta yo	
13. Nan ki pwen ou satisfè avèk bagay sa yo osijè lekòl pitit ou a?	Mwen satisfè anpil	Mwen satisfè	Mwen pa satisfè	Mwen pa satisfè ditou	
a. Nivo pwofesyonèl pwofesè (yo) pitit ou a ane sa a.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
b. Nivo sipò pitit ou a resevwa lè li bezwen èd anplis ak devwa yo	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
c. Fason lekòl pitit ou a kominike avèk ou.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
d. Opòtinite ou genyen pou patisipe nan edikasyon pitit ou a.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
e. Edikasyon yo bay pitit ou a ane sa a.	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>